



# Depistaj Sante Elèv Paran/Gadyen Fè Chak Jou Lakay



Nou nan mitan yon pandemi, e fè pitit nou rete lakay lè li malad, lè li genyen siy ak sentòm yon maladi kontajye, e/oubyen lè li te an kontak depre avèk yon moun ki teste pozitif pou 'COVID-19', trè enpòtan pou minimize pwopagasyon maladi a bay lòt moun. Anfèt, sa ka fè diferans ant kontwòl maladi ak epidemi.

Anvan ou voye pitit ou lekòl chak maten, yo mande paran/gadyen pou fè yon Depistaj Sante Elèv Lakay Chak Jou pou detèmine si pitit yo ka ale lekòl an sekirite.

## SEKSYON 1 – EKSPONISYON AK SENTÒM COVID-19

<input type="checkbox"/>	Èske pitit ou teste pozitif pou COVID-19 nan dènye 14 jou yo?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/>	Èske pitit ou an kontak depre (nan espas 6 pye) avèk yon moun ki gen yon dyagnostik COVID-19 pozitif ki konfime oubyen ki ap tann rezilta nan dènye 14 jou yo?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/>	Èske pitit ou a oubyen yon lòt moun nan kay la teste pou COVID-19 (akoz yo te gen sentòm, yo te an kontak depre avèk yon moun ki teste pozitif pou COVID-19) e yo ap tann rezilta yo?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/>	Èske pitit ou malad avèk COVID-19 kounye a?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non

## SEKSYON 2 – SIY OUBYEN SENTÒM – NAN DÈNYE 48 ÈDTAN YO

Èske pitit ou te genyen oubyen li genyen nenpòt nan siy oubyen sentòm ki anba yo nan dènye 48 èdtan yo?

<input type="checkbox"/>	Fyèv (100.4°F oubyen pi wo)	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/>	Grip ( <b>Nouvo</b> grip ki pa kontwole ki lakoz respirasyon difisil) (Pou elèv ki gen tous kwonik alèji/opresyon, <b>yon chanjman nan tous yo ki diferan ak sa yo konn genyen.</b> )	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/>	Souf Kout	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/>	Fatig	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/>	Misk oubyen Kò Fè mal	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/>	Tèt Fè mal	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/>	Pa pran gou oubyen sant	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/>	Lòt Bagay: Gratèl, Zye Wouj, lèv Blese/Anfle, Lang Anfle ki Wouj, men/pye anfle, vant fè mal	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/>	Gòj Fèmal	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/>	Konjesyon, nen koule	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/>	Noze	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/>	Vomisman	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/>	Dyare	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non

## SEKSYON 3 – TCHEKE TANPERATI

<input type="checkbox"/>	Ki te tanperati pitit ou a maten an?	
--------------------------	--------------------------------------	--

## SEKSYON 4 – PWOCHEN ETAP YO – SI PITIT OU GEN NENPÒT NAN SENTÒM KI ANWO YO

<input type="checkbox"/>	Si ou reponn “ <b>wi</b> ” pou nenpòt nan sa ki anwo yo, oubyen tanperati pitit ou a se 100.4 °F (37.5°C) oubyen pi wo, silvoulè <b>pa</b> voye pitit ou lekòl.	
<input type="checkbox"/>	Ou ta dwe kontakte founisè swen sante pitit ou a imedyatman. <b>PA TANN SENTÒM YO VIN PI MAL!</b>	
<input type="checkbox"/>	Genyen sentòm sa yo sèlman pa vle di pitit ou a gen yon maladi kontajye oubyen viris la, men se SÈLMAN yon founisè sante ki ka detèmine sa.	
<input type="checkbox"/>	Fè direktè lekòl pitit ou a konnen sentòm li yo.	

## SEKSYON 5 – KONSÈY POU PARAN/GADYEN

<input type="checkbox"/>	<p><b>Kenbe pitit ou lakay si li malad, e li ta dwe rete lakay pou:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Omwen yon jou (24 èdtan) te pase <i>depi sentòm yo te trete</i>;</li> <li><input type="checkbox"/> Pa gen lafyèv <b>san</b> medikaman pou lafyèv oubyen pou redui lafyèv;</li> <li><input type="checkbox"/> Amelyorasyon nan sentòm respiratwa (egzanp, tous, souf kout); <b>e/oubyen</b> omwen 10 jou pase <i>depi sentòm yo te premye parèt</i>;</li> <li><input type="checkbox"/> Kontinye pratike ijyèn sante, lave men, kouvri vizaj, kenbe distans/espas apwopriye.</li> </ul>
--------------------------	--